ЗУБЕР я зэманым щылажьэу щыта «Гуащхьэмахуэ» журналым и хэщIапIэр къзэгъэуэтыу зыкьомрэ сыкIэрэхуащ, кьалэр щIагъащIэу сцIыхуртэкымк. УсакIуэ и суртэри газетым къыхэзгъажаУ сЫгьт, слъагьум къэсцIыхун хуэдэу. Зубер сыщщIэупщIэм, «и ныбжьгъу къыщIыхьати игъэкIуэтэжьыну щIэкIа кьудейщ, сыту фызэхуэмызэрэ», - къыжаIащ и лэжьэгъухэм. Сытепыlэнпэти, сызыльхьуэм сыпежьэу, сыкъыщIэкIащ. Зубер бжэIуупэм и деж езыгращ, щIалъагъуагъуафIэ уэрэмыгупсальэу. Япэмыжьжьэу сыуваУэ сыщытти, гукъэкI зыщIа усакIуэр къызэупщIащ, «сэра узылъхьыжьуэр?» - жиIэри. «Уэрат» щыжьсIэм, сызэбгъэдишащ, яжьэр, къызэрыпымыхур гъэщIэгъуэну, кIыхьу зыпыль тутын ныкъуэфыр адерей Iэм иритри, си Iэр къикъузащ, итIанэ сызэригъэцIыхуащ, сэри, сыуКIытапэурэ, сыкъыщIэкIуар жеIащ. «Уи усэхэми деплъынкъэ, ауэ яп щыкIэ мы си ныбжьэгъур зэгъэщIыхуу, мыр композитор ХьэIупэ Джэбрэйилщ», - жиIащ Зубер. Сэ абы и щIэ зэхэсхат, а зэманым дунейм къытехьа «Си гъатхэ» и уэрэдри сигъэлеяуэ сигу ирихат. Джэбрэйил щIыIэ-щIыIэу къызэпльаУэ къысщыхуащ, псом хуэмыдэу, щымэхьашэ щIыкIэу, ар кьеплъащ а махуэм щIыдэслъхьар сымыщIэ пионер галстукым, ауэ сэлам къызихащ. Си нэгу къыщIэнащ абы кьыIуигъэпса дэзэхужьбзэхэр. Абдеж зыхэсщIар сигу илъащ, Джэбрэйил дэрэ гъащIэм дызэхуишэу ар зэрыщIыхуу гуапэр, зэрыщIыхуу пэжыр къэсцIэху. А зэманыр къэсынум иджыри илъэс зыбгъущI иЗэт…

Джэбрэйил дэрэ нэхъ гъунэгъуу дызэрызыгъэщIыхуар Гут Заурщ. Ди гупсысэкIэ-дунеи еплъыкIэри занщIэу зэтехуащ. Джэбрэйил сэ стхыхэм къеджэу кызыщIэкIащ, игу ирихьри иримыхьри и щхьэ течауэ, къехьэкI-нехьэкI хэмылъу, зэрыкиIэри згъэщIигъуащ. Дэ нэхьыбэу дызэсар зы я гум илъу, ди нэм кьыщIэплъэу изгъэущI кьыджаIэут. АдыгэбзэрДжэбрэйил фIы дыдэу зэрищIэм гу лъымытэнкIи Iэмал иIэтэкъым. ИужькIэ сэ къэсщIащ ар Джэбрэйил и анэ Локъан, ПащIэ Бэчмырэз и пхъум, куэдкIэ зэрифIыщIэр.

Джэбрэйил и уэрэдхэр фIыуэ зымыльагъу къэгъуэтыгъуейщ, ауэ абы усэ гъуэзэджэхэр зэритхыр зыщIэр мащIэщ. Езыр пIащIэркъым и усэхэр куэдым я пащхьэ ирилъхьэну, зэрымызэ зыкъызэкъуихыу, абыхэм ящыщ гуэрхэм и ныбжьэгъуэхэр дригъэдаIуэ фIэкIа. Апхуэдэу щIыщытым и щхьэусыгъуэр зыщIэжьыр езыращ, ауэ Джэбрэйил и усэхэр адыгэ псоми яльэIэсыным си щхьэкIэ сыщIохьуэпс, абы мыхьэнэуэ иIэнур фIыуэ кьызгуроIуэри. Апхуэдэ зэманри къэсынщ, дэнэ кIуэн…

Джэбрэйил и талантым хуэфэщэжу дунейм тетщ, абы кIрыкIыпыIэн лъэпкъ кIэриммигъапщIэу. И псэм ещхьу и макъамэри кьабзэщ.

Дэ гъащIэ кьызэдэткIуащ, ди зэхуэдэ ныбжьэгъуфIхэри ди гъусэу. Ди гъащIэм хэтащ гуфIэгъуэ махуэ куэди, ди гур хэзыгъэщIа Iэджи. ДыщигуфIэгъуэм, дызэдэгуфIащ, гуаУэ щыдиIэм, ари зэдэлгуэшащ. Аращ ныбжьэгъуэ жьыхуаIэжьыр. «Ныбжьэгъуэ нэсыр гъэщIэгъуэныщэщ: абы гуфIэгъуэр тIукIэ егъэбагъуэ, гуауэр тIу ирещIыкI», - жиIащ щIыхушхуэ гуэрым. А псалъэхэр си фIэщ зыщIахэм ящыщщ си ныбжьэгъу пэж ХьэIупэ Джэбрэйил.

Илъэс 70-р куэдщ е мащIэщ схужьIэнукъым, абы тепсэльхьыфынур апхуэдизэ къэзыгъэщIарщ, ауэ Джэбрэйил нобэ и зэфIэкIымрэ и акъыл жанагъымрэ сеплъмэ, си фIэщ мэхъу абы фIыуэ и ильагъу и адыгэ лъэпкым иджыри куэд зэрыхуилэжьыфынур. А гупсысэм сэри кьару кьызэт…

АЦКЪАН Руслан.

Санкт-Петербург щыIэу ХьэIупэ Джэбрэйил хэту зытрагъэха сурэтым итхэм ящыщу фэ фIыуэ фоцIыхуу дыщэкI Еутых Ася, режиссёр Сокъур Александр, клоун цIэрыIуэ Полуннн Александр, Сэралъп зэкъуэшхэу Альберт ррэ Робертрэ.

Темыркъан Юрэ илъэс 70 щрикъуам абы и деж щыхьэщIахэм ящыщу сурэтым щывольагъу дэрбзэр Iэзэ Сэралъп Мадинэрэ ХьэIупэ Джэбрэйилрэ.

Хьэлэмэтщ си дежкIэ: Джэбрэйил щылажьэ пэшым уэзрыщIыхьэу, абы щIэсым и дунейм ухэбакъуэм хуэдэщ. Тхьилъ, хьэшыпи гъэщIэгъуэнхэр, сурэт куэд хуабагъэ дыдэкIэ гъэнщIауэ щыбольагъу а пэшым: и анэр, и адэшхуэр, Темыркъан Юрэ, Щедрин Родион, Сокъур Александр, и ныбжьэгъу куэдым я сурэтхэр - псоми нэщэнэ нэхъыщхьэ гуэр ядыбольагъу.

СэДЖЭБРЭйИЛ зэрысцIыхурэ зэпхуэдэу куэд щIакъым, ауэ и уэрэдхэр сызэрыцIыкIурэ фIыуэ сольагъу, Тут Заур игъэзащIэу ахэм сыщедаIуэкIэ, си гур хохьуэ. Дэнэ щысщIэнт сэ тхьэм пэсщI ХьэIупэ Джэбрэйил апхуэдэу цIыху кьызэрыгуэкIыу. Абы и хьэлым удимыкъэхьинкIэ Iэмал иIэкъым. Япэу сэлам щесхам кьыщыщIэдзауэ сэ зыхэсщIащ абы и цIыхугъэр.

ДызэрыцIыхури, етIуанэ махуэм бдзэжьеящэ сызди-щащ. Кьэдубыдан щымыIэу, ауэ фIыуэ зыдгъэпсэхуауэ, дызэбгрыкIыжьи и пэ, -шеибжьэ зырыз дефэжьнщ», - жиIэри и деж дыщIыхьащ. Тетрадь Iувыщхуэр кьытриты-хьэри, кьеджэу щIидзащ:

ЯтIэ унэ, ятIэ лъэгу
Сызыщ1ап1ыкI ам -
Кьыщ1ыкIынут Iэгъэбэгу,
Псы зэкIэтьинкIам...
Щыгъуэгу гъагъэм
кIыгуугу тест,
Хьэблэр зэщIигъэсту,
А джэмакъым
си псэр кьист,
Зэм кьысхэуэрт мастэу.
Чырбыш унэ,
жьыгей лъэгу
Пэшым сыщIэкIам -
Уафэ иныр Iэгъэбэгущ!
КьэкIуэнур - блэкIащ...
КIыгуугу макъым
кьигъэнэху

Ар зэрысцIыхум срогушхуэ

Джэбрэйил усэ итхуэу зэхэсхатэкъыми, згъэщIэгъащ. Иджыри кьысхуедэжэ, жысIэм сельэIуурэ, куэдым сыщIэдэIащ. Сигу ирихьат и усэхэр, адыгэбзэ кьабзэкIэ тхат ахэр.

И кIэм деж Джэбрэйил сельэIуащ апэрей усэм зэ кьысхуедэжьжьну. Езыми имыжагъуэу кьытригъэзэжащ.

ЯтIэ унэ, ятIэ лъэгу
Сызыщ1ап1ыкI ам -
Кьыщ1ыкIынут Iэгъэбэгу,
Псы зэкIэтьинкIам...
Щыгъуэгу гъагъэм
кIыгуугу тест,
Хьэблэр зэщIигъэсту,
А джэмакъым
си псэр кьист,
Зэм кьысхэуэрт мастэу.
Чырбыш унэ,
жьыгей лъэгу
Пэшым сыщIэкIам -
Уафэ иныр Iэгъэбэгущ!
КьэкIуэнур - блэкIащ...
КIыгуугу макъым
кьигъэнэху
ЯтIэ унэр къопщI...
ПщIантIэм удз
къыдикIутэху,
Сыкъатьхуж кьысфIощI.

Кьеджэн нуха нужь, усэр итха зэрыхъуарн кьызэкIэжащ. «Мы усэм и яп сатырыр куэд щIауэ си щхьэм щыкIэрахьуэрт, зыри кьыкIэлъымыкIуэу, - жиIэрт абы. - Зы махуэ гуэрым Щоджанцыкlу Iэдэм жьы дыдэу кьыIухьэри, бдзэжьеящэ сыздишат. ПсалъитI-щыр си щхьэм ильт кIэрахьуэу. Кьамылым сыкьыхэплъу сещэрт бдзэжьей, адэ ельэныкъуэмкIэ, нэхъ спэжьжьэу, Iэдэм кьыхэтт. Мис абдеж кьэкIуащ сызыпэплъэ сатырхэр.

Усэм дэщIыгъуу сабиигъуэ кьэзыгъэзэжам сринхьэщ, Iэдэм сыбгъэдэтьадэри, хуэсIуэтащ кьысщыщIар, усэми сыкьыхуеджащ. Хьэлэмэтт абы и псалъэхэр: «Уи насыпщ у, Джэбрэйил! Уи псэр пхуохъумэ! Уэлэхъэ, дэ ар тхуэзэфIэмыкIа».

Джэбрэйил хуэдэу набдзэгубдзапIъэрэ гукъэкIышхуэ зыбгъэдэпъ цIыхурэ уигъэльыхьуэнщ. Абы псэущхьэхэр фIыуэ зэрильагъур-щэ?! СыхьэткIэ епсэпъэфынущ хьэ е джэду хуэзамэ. Езыхэми занщIэу дзыхь кьыхуащ, зыкъыщащхьуэу щIадзэ.

ИтIанэ мы зыри жьысIэну сыхуейт. Джэбрэйил хуэдэу ныбжьэгъу зыгъэпэж щыIэу си фIэщ хъуркъым. Абы сигъэщIыхуащ и ныбжьэгъуфIэр - БгъэжьнокъуэЗарубзч, Ацкъан Руслан, Црым Руслан... Абыхэм яку дэлъ къуэшыгъэмрэ гушыIэ дахэмрэ схуэуэхыркъым. Ацкъан Руслан Джэбрэйил и бдзэжьей ещэкIэм зэрыригушыIар сыт и уасэ - ар ящIэ Къэбэрдей псом. ЗымыщIэм вжьызэ.

Джэбрэйил бдзэжьей ещэн фIэфI щхьэкIэ, кьиубыдыр псым хедзэж, ба хуещIри. «Джэбрэйил, мы бдзэжьейр лейуэ хьымыдзэж, уэ ба зыхуэпщIар тIум щыгъуэми лIэнущ», - гушыIауэ щытащ Руслан. Апхуэдэ гушыIэ зику дэтхъэм я зэныбжьэгъугъэр кIыхь зэрыхъунум сэ шэч кьытесхьэркъым. Джэбрэйил нобэ илъэс блыщI хьуэ уи фIэщ щыгъуэ гугъуэ, ауэ ар пэжщи, зыщIыпIи пхуэныкъым. Дэ дохъуэхъу абы иджыри апхуэдизу узыншэу кьиГъэщIэну.

ШАЩIЭ Алик.
Москва къалэ

НапIэдэхьеигъуэм зыщIэзэльэщIихьым

Зы зэман Флобер Гюстав псалъэухам зэгущу кьригъэтIэсат: «Ныхьэ лейм икIыу зи пщIэр псэм щызэфхьэхэм, фальэмыIуСыщэ - дыщэ хьэжьигъэр Iэпэхэм кьапынэнщ».

НОБЭ зи махуэ ильым папщIэ стхэну сыщIэхъуапсэ Iэджэм сытемыгушхуэурэ, сыт щыгъуи зызогъэтыльэжI. Иджыпстуи зызыпэСыгъэм ящыщщ абы и зэхэщыкI льахэу сызэрымыхьэфыр. ИтIанэ кьызощащкIу ныпхуэгъэм блэсхьи сигу пымыкI гуэрхэр…

ЛIэщIыгъуэ льагъуэ яIуапIэхэмрэ абыхэм зэхьапсэхэк тепльэгъуэзэхэмрэ зэблэщхъуркъым, зэмынтIэIуауэ. Хьэршыжьыр зэи щхьэучъуркъуэрыкым - ар кьызэрыдэтхэм я щхэкуэр уэхьты зиIэм акъылкIэ хуэзблэмыгъэзэ псысщ. Псэхэращи - вагъуэ сахуэу а псэсым щоэзрыхьэрий. Шэч хэльхьым апхуэдэ «зэрызеюхьэр» хабзэ Iущ гуэрхэм япкъ эзритым. А хабзэхэм яIэщ укъэзыгъэуIэбжь зэпыщIэныгъэхэри. Месри, фIэщхъуныгъэм кьасфIыхьэпль щIымахуэ щыIэкъэ...

...Дантес Жорж Шарль (Геккерн бароным) иритхьэхьж кIэрахьуэм гъуэз мащIэ пихьыгуэ, Уафэр псэ зыйтхэм кьаззрыхуэупсам и Щэджащэр, Бытырбыхуы лъапэ зэщIэзыуфа уэс щатэм хоуйдурие, жьы Iубыгъуэ хуэмIу. Махуэхэу зыбжанэ-рэ - псэхэу плъыррэ. Шы Iэжьэм ибафэу трагъэзэгъа пхъэмбеижьыр, емыкIу зыпыль пIащIэгъуэжIэ, Светогорск члисэм и кхъэпсахэм ящыщ, зыщIыпIи пхуэныкъым. Дэ дохъуэхъу абы иджыри апхуэдизу узыншэу кьигъэщIэну.

ШАЩIЭ Алик.
Москва къалэ

ХЬЭIУПЭ Джэбрэйил

ЛъэIу

Мы уафэ лъащIэм гущIэгъу гуэр
ГъэпщкIуауэ щызенгуэкым,
Жэщ кIапэ си бзщ, махуэ кIуэм
Пщыщ гуэр лыгъэс пхуэгуэшым...

Пшынэбзэр шыбзэм -
льыр щIефыкI,
КIэрахьуэу щхьэр сыкьонэ.
Гукъаи сщIыркъым, псэм ефыкI
Гупсысэрщ си жэщ кьаныр.

ИтIани псысэм зызэIуех...
Тырех жэщ кIапэр хуэму.
Къудамэ гуэр кьишийм кьыпех
Мэ гуакIуэ, дунейр уэрэмы.

Мэ гуакIуэ си псэр зэмысар
Псынэпсу кьыСхуожьжьыр,
Арыххэу псысэм кьеуэсэ
Сырымэр изошэхьир...

Кьудамэ гъуа си пащхьэм ильщ,
Пыльэльу мафIэ сахуэ,
Си махуэ кIуэм жэщыбг бгъурыльщ,
Дыгъэпс зэрригъэзахуэу.

* * *

Нало Заур деж

Дэбэчи Лъэпщи Iэпщэрыуэт.
Я уадэм кьыщIэщэщ
Макьамэр щыблэгу кьызыщыуэ
Я кIыщыр - псэ хьэщIэщт.

Абы щIыхьэфыр хэт хъуфынут?
И афэр афэ хужьт.
Нартыжьхэм уафэр яIэтынут,
Санэху ефа нэужь.

Губжь хэльу уадэ кьэзыIэтым
Ищ! Iэщэр Iэщэ хъун!
Дэбэчи Лъэпщи кьащтэм Iэдэр -
ГъущI пльам техъуэхъухьжьт.

ПщIэнтIэпс я натIэмкIэ кьежэхым
Жыр плъар ирапсыхььжт.
Щэдыбжьыр пIащIэу щырашэхым,
ФламыщIыр кьэхъут щихьэж.

Дэбэчи Лъэпщи ящIа гъубжэм
Мэш губгъуэр кьыхуэзэшт.
ЩIалэткIэ нартхэм я хьуэхъубжьэр,
А гъубжэм бэр дагъэшт.

Е джатэм и дзэм Iуплъэхункlэ
Гупсэхуу Iэ дальэжт!
Дальэжти, зэми ялэжт гъуухкIи -
Гъэрыгъуэурэ иплъэжт...

IэщIагъэм кьунту гупсэхугъуэ
ЩIэ гуэр кьэбгупсысыу,
Мы дунеижьыр ещI щIэщыгъуэ,
МазэщIэ кьоунэху.

* * *

Темыркъан Борис деж

МащIэ-мащIэу, сымыпIащIэу,
Дуней Iыхьэ кьысльысар
ЗэльыIусхэу щесхьжьI гъащIэм
И курыхэу щыхэса
Хъуапсэ жьылэр кьыщикIыкIым,
Сысакьыпэу щIэскIэ псым
И кьежьапIэм, техьэ-текIыу,
Пшэху Iэрамэу щхьэщыль псэр
Тыншми гугъуми схъумэжащи,
СырогуфIэ, гуащIэр зеи!
ЖьызмыIэфым и фIыр жэщым
ПщIыхь-псынащхьэм щыдожей.

* * *

ГушыIэрилэт ГъэкIэжьей[1] хьэблэр,
Я псэр зы кьупхьэм хуэдэт кьикIам,
Мо лъыжь жьакIэхухэм ядэпльей щIэблэм
ЩIопщыр я блыпкъым ещхьт едэжкIам.

А щIопщыр сытми щIопщ
кьызэрыкIуэт!
ХуэвытпощыщIэу псалъэ псыхьат!
Ягу дыхьэ кьэхъум, щIылъэ мэракIуэ -
Я бзэм и Iыгьр щIыфэм хьихьэнт.

Пщыхьэщхьэщысым ираф кхъужьыпсыр,
Махьсымэ пальэр, гуащIэ зыщIыж
Псалъэ шэрыуэм щIиIэтэ я псэм
ГуфIэгъуэ нэпсыр дэмыгъущыжт.

Мэжалlэ цIыхум зэ еIуэтэжыр -
Гушыlэр жэщым сыт пхуещIэжьын?!

Сфlэкlуэда псоми сыдэкlуэтэжырт,
Хэт си жэщ кIыхьхэр дэзгъэщыжьын?..
Пэжщ, зэ,зэмызэ сыщыщыхьэжьым,
Куэбжэр Iузыххэр хамэу сольагъу...
Дунейм тетыжкъым згъэфIа
си хьэжьыр,
Си ныбжьэгъу псорн хъуащ зэльэпагъ.

СызэпщIыхьыжу слъагъу дунейр
Мэрэмэжьейуэ щопIэнкI си псэм,
А пщIыхьыр згъэвым - и сэтейм
Кьытенэ щхэхур кьыпхех хупсу.

Гъэмахуэ дыгъэу жьэражьэх,
Зи хабзэр - кьыр екIуэлIапIэншэ,
Сыхэгупсысэм си льэр щIех,
Зэхэсха псоми пцIырщ нэхъ пэжыр...

НэхьыфIми, уи фIыр Iей мэхъуж.
ПхужьысIэфынум и нэхъ дахэр
Кьыщежьэ гущIэм зэм щогъуж,
Кьэнэжьр натIэм тельщ лэдэхьу.

Зэгуэр уи сэплъым ирIа
Псэм кьигупсысым кIэ имыIэ...
ЖысIэнур, гъащIэ, жьызмыIа,
УифI жысIэу тIэкIу сыгъэгушыIэ.

* * *

Хь. Р. деж

Бжьыхьэку хуабэм гъэгъэжа
Жыг кьудамэ закъуэ,
Тхьэмпэ псори гъуэжь хъужащ,
Сыт узыгъэжакъуэр?

Гъатхэ кIасэ кьыплъысам,
Хуабэ пхуримыкьуу,
Бжьыхьэку хуабэ кьоIуэсам
Тепкъута гушыкър?

Щхьэж езым зэман иIэжщ,
Жыг кьудамэ закъуэ,
Сэри уэщхьу, гукъыдэж
СщIыгъат, сымысакъыу.

А Iубахьэ кьысIууам
И мэр зэресшэхьыу,
УдзгъэкI уэщхьым щыблэ уар
Кьысхуэнащ щIыфашхэу.

Хэт иджы згъэкъуэншэжьын,
Жыг кьудамэ закъуэ,
Уи мэр зэ есшэхьыжщ,
Кьапщийм сыхуэсакъыу.

Дэбэчи Лъэпщи ящIа гъубжэм
Мэш губгъуэр кьыхуэзэшт.
ЩIалэткIэ нартхэм я хьуэхъубжьэр,
А гъубжэм бэр дагъэшт.

Е джатэм и дзэм Iуплъэхункlэ
Гупсэхуу Iэ дальэжт!
Дальэжти, зэми ялэжт гъуухкIи -
Гъэрыгъуэурэ иплъэжт...

IэщIагъэм кьунту гупсэхугъуэ
ЩIэ гуэр кьэбгупсысыу,
Мы дунеижьыр ещI щIэщыгъуэ,
МазэщIэ кьоунэху.

* * *

Темыркъан Борис деж

МащIэ-мащIэу, сымыпIащIэу,
Дуней Iыхьэ кьысльысар
ЗэльыIусхэу щесхьжьI гъащIэм
И курыхэу щыхэса
Хъуапсэ жьылэр кьыщикIыкIым,
Сысакьыпэу щIэскIэ псым
И кьежьапIэм, техьэ-текIыу,
Пшэху Iэрамэу щхьэщыль псэр
Тыншми гугъуми схъумэжащи,
СырогуфIэ, гуащIэр зеи!
ЖьызмыIэфым и фIыр жэщым
ПщIыхь-псынащхьэм щыдожей.

* * *

ГушыIэрилэт ГъэкIэжьей[1] хьэблэр,
Я псэр зы кьупхьэм хуэдэт кьикIам,
Мо лъыжь жьакIэхухэм ядэпльей щIэблэм
ЩIопщыр я блыпкъым ещхьт едэжкIам.

А щIопщыр сытми щIопщ
кьызэрыкIуэт!
ХуэвытпощыщIэу псалъэ псыхьат!
Ягу дыхьэ кьэхъум, щIылъэ мэракIуэ -
Я бзэм и Iыгьр щIыфэм хьихьэнт.

Пщыхьэщхьэщысым ираф кхъужьыпсыр,
Махьсымэ пальэр, гуащIэ зыщIыж
Псалъэ щэрыуэм щIиIэтэ я псэм
ГуфIэгъуэ нэпсыр дэмыгъущыжт.

Мэжалlэ цIыхум зэ еIуэтэжыр -
Гушыlэр жэщым сыт пхуещIэжьын?!

Ди гъащIэм и щIэм сынэсакьым.

Си ныбжьэгъу псорн хъуащ зэльэпагъ.

СызэпщIыхьыжу слъагъу дунейр
Мэрэмэжьейуэ щопIэнкI си псэм,
А пщIыхьыр згъэвым - и сэтейм
Кьытенэ щхэхур кьыпхех хупсу.

Гъэмахуэ дыгъэу жьэражьэх,
Зи хабзэр - кьыр екIуэлIапIэншэ,
Сыхэгупсысэм си льэр щIех,
Зэхэсха псоми пцIырщ нэхъ пэжыр...

НэхьыфIми, уи фIыр Iей мэхъуж.
ПхужьысIэфынум и нэхъ дахэр
Кьыщежьэ гущIэм зэм щогъуж,
Кьэнэжьр натIэм тельщ лэдэхьу.

Зэгуэр уи сэплъым ирIа
Псэм кьигупсысым кIэ имыIэ...
ЖысIэнур, гъащIэ, жьызмыIа,
УифI жысIэу тIэкIу сыгъэгушыIэ.

* * *

Хь. Р. деж

Бжьыхьэку хуабэм гъэгъэжа
Жыг кьудамэ закъуэ,
Тхьэмпэ псори гъуэжь хъужащ,
Сыт узыгъэжакъуэр?

Гъатхэ кIасэ кьыплъысам,
Хуабэ пхуримыкьуу,
Бжьыхьэку хуабэ кьоIуэсам
Тепкъута гушыкър?

Щхьэж езым зэман иIэжщ,
Жыг кьудамэ закъуэ,
Сэри уэщхьу, гукъыдэж
СщIыгъат, сымысакъыу.

А Iубахьэ кьысIууам
И мэр зэресшэхьыу,
УдзгъэкI уэщхьым щыблэ уар
Кьысхуэнащ щIыфашхэу.

Хэт иджы згъэкъуэншэжьын,
Жыг кьудамэ закъуэ,
Уи мэр зэ есшэхьыжщ,
Кьапщийм сыхуэсакъыу.

[1] *Нартан кьуажэкIэм зэреджэр ГъукIэжьейщ.*

Си еджапІэ - си къежьапІэ

Мазаем и 21-р Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэщ

НапІэм нэр зэрихъуэжи хуэдэу, сыт хуэдэ лъэпкъми дапщэщи ихъумэн хуэфащ и анэдэлъхубзэр. Нобэ дуней псом щагъэлъапІэ махуэшхуэр и дамыгъэщ а лъэпкъ фIыгъуэм хуэсакъыи, зегъэужьыи, пщIэшхуэ хуэщIыи зэрыхуэфIи.

ДУНЕЙМ и къэхъугъэ нэхъыщхьэ дыдэщ бзэр. Щы хьурейм лъэпкъыу тетым я тхыдэр, зэрахь хабзэхэр, адрейхэм кьаэзэрыщхьэщIыкI я лъэпкъ нэмысыкъэр, гупсысэкIэмрэ псэукIэмрэ къоэшIагъэу щыIэр абыхэм я анэдэлъхубзэщ. Ар бзэ къудейкыым, атIэ лъэпкъым и гущIэм уэрынэсыфщ, и гупсысакъэм уаэзрыпЗэсыфщ. 2000 гъэ лъандэрэ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэр къэрал куэдым щагъэлъапІэ, лъэпкъхэр хьума хьунымкIэ бзэхэм яIэ мыхьэнэщхуэм идкIыри зэ псори игугупсысыжу, ди анэдэлъхубзэр мыкIуэдыжьи, абы зиужькIи папщIэ, ди къэралымрэ дуней псомрэ щызекIуэ хабзэхэр ди тегъэщIапІэу, дэтхэнэми ди кьалэн дгъэззэщIэным дыкьыхуэрилъхьэу.

Мы махуэхэм ди республикэмкI щокIуэкI Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэм теухуа зэIущIэхэр. Ди щыналъэм щыпсэу дэтхэнэ лъэпкъми и анэдэлъхубзэм и дахагъыр, кьабзагъыр, абы и зэфIэкIыр игъэлъагъуэным, зыIуры лъэпкъым емыльытагъэ бзэ псоурэ мамырыгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ ихуэгъэпсэ а зэIущIэхэм ияужькIэ щыгъуазэ фIыуэтщIынущ. НобэкIэ фи пащхьэ идолъхьэ «Адыгэ псалъэм» и «Си еджапІэ - си къежьапІэ» пэкIуэщIым и зи чэзу кьыдэжьIыгъуэ а махуэшхуэм иредгъэхьэлІар. Ди газетеджэ лъапІэхэм, «Адыгэ псалъэм» и ныбжьыкIэхэр пэжхэм абы кьыщыбгъуэтынущ анэдэлъхубзэр щIэблэм егъэджьыным зи гъащIэр хуэзыгъэпса нэхъыжьхэм я гукъэкIыжхэр, егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэным ехьэлIа гупсысэхэр, адыгэбзэм ди унагъуэхэм щIэ мыхьэнэм епха тхыгъэхэр.

ТАМБИЙ Линэ.

Лъэпкъым и нэщэнэ нэхъыщхьэ

ДУНЕЙМ и къэхъугъэ нэхъыщхьэ дыдэщ бзэр. Щы хьурейм лъэпкъыу тетым я тхыдэр, зэрахь хабзэхэр, адрейхэм кьаэзэрыщхьэщIыкI я лъэпкъ нэмысыкъэр, гупсысэкIэмрэ псэукIэмрэ къоэшIагъэу щыIэр абыхэм я анэдэлъхубзэщ. Ар бзэ къудейкыым, атIэ лъэпкъым и гущIэм уэрынэсыфщ, и гупсысакъэм уаэзрыпЗэсыфщ. 2000 гъэ лъандэрэ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэр къэрал куэдым щагъэлъапІэ, лъэпкъхэр хьума хьунымкIэ бзэхэм яIэ мыхьэнэщхуэм идкIыри зэ псори игугупсысыжу, ди анэдэлъхубзэр щIэблэм егъэджьыным зи гъащIэр хуэзыгъэпса нэхъыжьхэм я гукъэкIыжхэр, егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэным ехьэлIа гупсысэхэр, адыгэбзэм ди унагъуэхэм щIэ мыхьэнэм епха тхыгъэхэр.

ТАМБИЙ Линэ.

●ЕгъэджакIуэм и дэлэпыкъуэгъуэ

ХэпщIыкIыу йофIакIуэ

Ди лъэпкъ литературэр хуэгъэ школхэм кьызыхуэтыншIу щегъэджыным мыхьэнэ пыухыкIа иIэщ еджакIуэхэр гъащIэм нэхъыфIу хуэгъэхьэзырынымкIэ, адыгэ хабзэ-нэмысыр, щыхугъэ льагэр, IуэхущIафэ екIуэхэр, нагъуэщIэрэ псэкIэ зыхуэгъэщIэнымкIэ, лъэпкъым и хьэл-щэ-ныфIхэм щIэпыкIынымкIэ. Ди жагъуэ зэрыхъуди, адыгэ литературэмкIэ школ программэхэр нысыуэныгъэ зэпэжьхьэм, литературэм и тхыдэри, теорييри, хуэдэ жеиннэ тхыгъэхэрэ зэрырагъэдж тхылъхэри дагъуэншуэ пхужьIэнымкIи. Абы щхьэкIэ къэмынэу адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэджэхэр хуэщIэкъуи хуэёщ абыхэм я куплIэ нэхъыщхьэр сабийхэм я лжеж нахьсыныр.

«ЭЛЬБРУС» тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ кьыщыдэкIащ адыгэ литературэм щыщ тхыгъэ щхьэхуэхэр 8-нэ классым зэрыщагъэджьин тхылъыщIэ. Ар игъэхьэзыраш филологие щIэныгъэхэм я доктор Бищо Борис. ИпэкIэ кьыдэжьауэ щыта апхуэдэ тхылъри IейтэкIыи, ауэ мыр хэпщIыкIыу егъэфIэкIуэщ. ЩIэныгъэлI гуп елэжьащ абы. Ар эхъагъэуаш школ программэм тхылъхьауэ. Абы иткIэ 8-нэ классым зи художественнэ тхыгъэхэр яджьипхъэ тхакIуэ псори тхылъым ихуэщ, ауэ тхыгъэхэр кьыдэрыхахар программэм щытемыхуи щыIащ. Псалъэм папщIэ, программэм и лейуэ Сосрыкьуэрэ Бадынокьуэрэ ятеухуэ хьыбариті, Кьыщокьуэ Алим и «Мэджьыт» рассказыр, хьыбар кIэщIий, Ацкьын Руслан и усэщ БищIэм тхылъым игъэхьащ, программэм кьыщыгъэлъэгъуэ «Уэшхыр аргуэру мэятэ» усэм и пIэкIэ. Мокаев Магомет и «ЛЫыкъэр» усэм и пIэкIэ тхылъым кьыщыкъуэ Зумакуловэ Танзиля и «Псалъэ жагъуэ» усэр.

Тхылъым и пэублэ псалъэу «Литературэмрэ тхыдэмрэ» жыхуиIэр бзэ щэрыуэкIэ тха хьуащ, мыхьэнэшхуи иIэщ, школ программэм кьыгъэув кьалэн псори кьыхэщIимыуфыдэми. ЕкIуу зэхэуващ «Нарт хьыбархэмрэ пшынальэхэмрэ» Iыхьэм и пэублэ псалъэр, тхакIуэхэм зэтеухуа очеркхэр, ауэ абыхэм ящыщ гуэрхэри хэхъ убгъуауэ щытын хуейуэ кьызолытэ. Апхуэдэу щызэтемыхуэ щыIэщ тхакIуэхэм я гъащIэмрэ литературэ зэжьыгъэмрэ егъэджьыным хухах сыхьэт бжьыгъэмрэ тхыгъэхэм я напэкIэщI бжьыгъэмрэ.

Дагъуэ лъэпкъ ямыIэу зэхэгъэува хьуауэ кьэлпIыгъэ хьунущ зи гугъу тщIы тхылъым и кIыхьагъкIэ щыгъэува ущIэхэмрэ кьыщыкъуа лэжьыгъэхэмрэ. Ауэ епIыжьыпхъэщ еджакIуэхэм гукIэ зрагъэщIапхъэ абы кьыщылытыта яIыныкъуэ усэхэм. Псалъэм папщIэ, «Псалъэ Іейм рэ», «Адыгэ шы фIэдзапІэ» усэхэр еджакIуэхэм гукIэ зрагъэщIапхъэщ, ауэ «Лъэпкъым» усэр псори гукIэ зребгъэгъэщIну тIэкIу иныIуэщи, сатыр тIощI хуэдизкIэ гъэмIэщIыну хуейщ.

Тхылъым бгъэдэлъ щыщIэныгъэ мащIэхэм абы и мыхьэнэри и пщIэри зрэзыльахьэшрыкIыи. И тепIэзкIэ тхылъым зрбгъуэн щыIэкъым. Апхуэдэу гурыкIащ абы ихуа тхыгъэ щхьэхуэхэм хуащIа суэртэхэри. Апхуэдизэ лэжьыгъэ зыгъэзэщIа Бищо Борис дяпэкн хущIыкьэну, лъэпкъ щIэныгъэр, ипэкIэ зыгъэнэфуагъэ кьэхуэтэ-ныгъэ куэд и кьалэмыпIэм кьыпыкIыну ди гуапэщ.

ЕРЖЫБ Асльэн,
педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат.

КЪАГЪЫРМЭС Борис

Си адыгэбзэ

Іэфіыгъэу, лІыгъэу пэхльыр, уи гуапагъэр Куэд щІауэ псэкІэ зыхэсщІэу сопсэу. СльэкІамэ, ахэр миинкІэрэ згъэбагъуэу, Сыпхуэлэжьэнти, си бзэ, гъащІэ псом.

Уэрщ сытым щыгъуи си гур зыгъэнэхур, СиІэту уэрщ сизыхьэр лІыгъэ уэгу. Ди лъэпкым щыщим, бзэр зыфІэмыІуэхур Адыгэу плыитэу, уипльэ хьун и нэгу?!

фІокIуэдыр и пщІэр уэ узыфІэкIуэдым, КьыпхуэкьызыпІэм:

«Бзэ лъэрымыхь щыкIущ...»

Уэ кьыпхуэпэж уи бын гуащІафІэ куэдым
Я тхыгъэхэр ипхьащ кьэрал утыку.

Уэ Іэщэ жану уриІащ Бэчмырэз.
Ар закьуэныгъэм щичыдыдам - уэ зырщ
Кьыкьуэувар, и щхэу зрихьэлІэ гъуэсу, -
Урителхьэну пэжым ухьэзырщ.

Алий и усэм дамэ льэщ ухуэхьурИ,
ПІэтащ и псальэр налкъут зэщІэльдэу.
Пэжыгъэм, лІыгъэм ди бзэкIэ
дехьэхьэурИ,
Дыщыуващ гъащІэщІэм, ди лъэр быдэу.

Сэ уи кьэкІэунум согупсысыр куэдрэ,
Сыхуейщ уи гъащІэр хьуну нэхьри кІыхь.
Насыпп пІэжжьым льэпкъым, и бзэр
кІуэдмэ, -
ЗауэлІ Іэщэншэу, мэхьу ар лъэрымыхь.

Хуэблэжьыр льэпкъым нэхьри уэ
бгъэбагъуэу,
Си адыгэбзэ, куэдрэ утхуэупсэу!
Іэфіыгъэу, лІыгъэу пэхльым, уи гуапагъэм
Щыгъуаэз сщІынт, сльэкІамэ, дуней псор.

Фіы и лъэныкъуэкІэ зыкъигъэзэну догугъэ

●ЕгъэджакIуэм и гукъеуэ

ЦIыхьр дунейм кьыззэрытехьэрэ абы кьыпхьыху и псэукIэр нэхъ тынш, нэхъ дахэ зэрыхъуну Іэмалхэр. Арац зэпымыуэ зауэхэр, щэнхабзэ революцIэ зэхуэтхэр щIенкIэжьIэр. Ауэ щыIэр фIы кьыпхьыхуэрэ цIыхум ар щыфIэкIуэди. Ар щынэрылъагъуэ нобэрей ди гъащIэм: цIыхур щхьэхуит хуэдэщ - уэзыгуейр щIэ, уэзыгуейр лэжь. Ди нэгу щIокI иужьрей илъэс тIощIырыпщIым зыхуэпэкIэкIи, фIыгъэ тетыкIэкIи, хьэл-щэныкIи, щэнхабзэкIи Іэмал зэрыхуэхьэжьу, гупсысэкIэкIи хуабжьу жыпаIэу зэрыгъуэм зэрызихуэжьаг.

ЗЭХЬУЭКIЫНЫГЪЭМ лъэпкъ щыкIуэхэм фIы гуэри кьытхуихьа хуэдэт - ди бзэр, ди хабзэр зетхьэжу, ди диныр тIыгъыжу, ди тхыдэр кууэ кьэттIощIыжу дыпсэну дыхуитщ. Хьарзынэхъ-тIэ ар?! Ауэ зэрытлъагъуэщи, гъащIэм кьыщыхъур ногъэущIщ. Мыр Іуэху кууц, абы убгъуауэ утепсэлъыкьыжьу папщIэ хъувыIи зыплъыхьыпIи кьозымыту ежэкI гъащIэм пхыплъафын нэ жан уиIэн, набдзэгубдзапIъагъ мыкIуэщI пхэпынеуйщ. Зы тхыгъэкIэ а псор къэIуэтэгъуейщ.

Мы си тхыгъэм нэхъ убгъуауэ сызыщытепсэлъыхьыну сыхуейр нобэ адыгэбзэ, адыгэ литературэр (апхуэдэ щытыкIэм ит кьыщIэкIынщ Кавказым щыпсэу адрей лъэпкъ щыкIуэм я Іуэхуэр) предметхэм я Іуэху зыIутыпщ.

Зыми ямыщIэ сщIэуэ хьэмэрэ куэдым ятеухуа щхьэкIэм си гупсысэ нэсу аракъым, щIыхуэр я хьэл-щэнкIэ зэрызэмыщыкьырагъэнщ егъэджакIуэхэм я гукъеуэ утыку кьыщIрамыхьэр а, хэт щIэрэ, дыпсалъэкIи зыри кьикIыныжьым жаIэ кьыщIэкIынщ.

Совет лъхъэнэм лъэпкъыбзэхэр щадмыр кIуэжа школхэрт. Кьалэхэм Іэмалынымэ программэхэм ар хэттэхьым, факультативу яджьырт. Адыгэбзэ сыхьэтыр иужьрей урокыу ягъэувыIрт, хэгъэзыкъ щыIэххэтэкъыми, а дерсым щыкъэкIыр мащIэт. Адыгэбзэ факультативым зэман тезыгъэкIуадэр гъащIэм кьыкIэрыкIуэрэ, абы мыкIуэхэр акьылышхэу зыбгъэдэлъ, гъащIэм екIуу дзбэкьэсхэрауэ ябжьыт. А щхьэхусыгъуэмкIэ кьалэдэс сабийхэм бзэр яIощIэхуащ. Ар адэкIи щIигъэхуэбжьащ адэанэхэм я бынхэм урысибзэ ямыщIэным тегужьеиныкIи, я анэдэлъхубзэр унагъуэми Іощ1ыб зэрыщащIам.

ЕджапІэм илъэс бжьыгъэ куэд хьуауэ сыщыщIалажьэкIэ, си нэгу щIокI адэ-анэр лъэпкъ Іуэхум зэрыхуэщытыр. ЦIыхур Іуэху гугъуэхэм пэщIэтурэ къоГъуэгурыкIуэ. А псом кьыхигъэбелджьыкIыну, адыгэбзэр иримыгъэджмэ, и быныр тынышмэ, фIы гуэр хуищIауэ кьызыщыщхьу адэ-ани щыIэщ. Абы пэщIэуэн псалъэмакьыр мышцхэпэу кьэзыпльэтэ унафэщIхэр зэрыщыIэри дауэ кьыпщыхьурэ? Жьлагъуэм кьытхэтщ бзэ, хабзэ «таурыхьхэр» зыкIи зыхуэмеиж тIащIэжьмэ и мурадэжьмэу кьызэкIыльытэхэр, абыкIэ я кьэуныр жьыжьэ зэрыпэмысымкIэ зэрызыгъэмысыжьыр кьэгурыIуэркъым зихуэдэжьм.

Куэдым кьагурыIуэу щытакъым ди узэщIакIуэхэм я хьуэпсапІэ нэхуэр, абыхэм я нэ кьызыхуикI щIэныгъэм и мыхьэнэр. Ди закъуэ гупсысэкъым иджьыпсту жысIэнур. Куейхэм щIэ хасэхэр щIохуэхэм ядолажьэн хуейт, хабзэм, бзэм теухуа зэIущIэхэр щIэх-щIэхыуэ абыхэмэ ираГъэкIуэкIыпхьэщ. Библиотекэхэм, щэнхабзэм и унэхэм ди анэдэлъхубзэкIэ кьыдэкI тхылъхэм я презентацэхэр щегъэкIуэкIын, щIэблэр и лъэпкъ тхыдэм нэхъ кууэ щыгъуазэ щыхуэщI, хабзэр щрагъ-ащIэ гупжьейкэр щызэхэшэн хуейщ.

Іуэху щхьэпэ кьрихьэжьащ «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къэнокьуэ Зарифэ. Абы иригъэкIуэкI «Гъэм и зэманхэр» - адыгэ уэсам и пшыхьэр - нобэ ди лъэпкъыр икъуэкIэ дыдэхуэхьэщ. Зарифэ и усэ пшыхьэмкIэ анэдэлъхубзэм и пщIэр кьеIэтыф. Апхуэдэ зэхьэхэр нэхъыбэу кьытхузэгъэпщтэмэ, бзэр кьытхудэхьыжьнут.

ЖьызыIэн щыIэщ езыр егъэджакIуэщ, щIэныгъэм и гу кьэупс еджапIэм щхъэ щримыкIыжьыкIэ зэрыпхуэ апхуэдэ лэжьыгъэхэр жиIэу. ЩыдогъэкIуэкI, тIыкIэ къэдмыгъанэу. Ауэ тIыкIыр мащIэщ. НэгъэщIу жьпIамэ, Зыуэ щыт кьэрал экзаменхэр кьиззрежьэрэ абы епха профильнэ классхэр кьызэрагъэпэщри, адыгэбзэм и кьэупсэгъэ ЕГЭ-м и хабзэхэм кьебзыIэть.

Профильнэ классхэм тегъэщIауэ предмет зыбжанэ нэхъкууэ дджри, абыхэм сыхьэт нэхъыбэ хухах. 10 - 11-нэ классхэм ебланэ урокхэр куэдрэ яIэщ, адыгэбзэмкIэ уадэлэжьну еджакIуэхэм зэман яIэжкъым. 9-нэ классми экзамен кьапэщыIыщ. Курыт классхэм щIэсхэм ехана урокым и ужькIэ уадэлэжьэныр тынышхьэм, уэнщагъэмкI я кьэзгъырхьым. Класс псоми сыхьэт бжьыгъэхэр щагъэмэщIащ, урокищым и программэр тIум изагъэу егъэджакIуэхэм зэхатхьэхьэжри ирагъаджэ, зы псалъэ лей жьыпIэну зэман кьыпхуэгъуэтыркъым. Зы хэкIыпIэ гуэрхэр кьэдгъуэтурэ литературэ пшыхьэр, зэIущIэхэр, тофы фIыуэ зыпIэгъуэхэм я конференцэхэр, хабзэм, тыдэм теухуа «стIол хьурейхэр» идогъэкIуэкI. Ди жагъуэ зэрыхунци, абыхэмкIэ мащIэщ тхуэзэфIэкIыжьу.

Псоми зэращIэуни, унафэ щIащ курыт классхэм я программэм сурэ щIыныкIэрэ мазэмкIэ урокэр хагъхьэну, абы нэмыщI дингъуаэз предмет - еджакIэм щрагъэжьну. Пщыхьэзэхэр егъэжьнэ и сыхьэт бжьыгъэхэр ягъэмэщIащ апхуэдэ урокэр хагъхьэну папщIэ.

Анэдэлъхубзэр щIэблэм нэсу егъэжьнын теухуа упщIэ куэд щыIэщ. А упщIэхэм жэуап тэмэм щагъуэтынур дапщэщу пIэрэ? Ди насыпмэ, цIыхубэм я гупсысэр абы нэсынщ, я бынхэр анэдэлъхубзэм, лъэпкъ хабзэм щIапIыкIыну зэрыхуэеф щыIэ, ауэ щыIэ зэрыгъэпщIа» псалъэжьым и купщIэр кьызэрыгуфIуэ нэхъыжьхэм ІэхуэгъэкIа фIы и лъэпкъыжьхэр зыкъраГъэгъэзэну дыщыгугъынщ.

КЪАЛАКIУЭ Жаннэ,
Нартан курыт еджапІэ №2-м и адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ.

Къалакіуэ Жаннэ

Сыт гъуэгу къежьапІэр?

●«Си бзэ - си псэ, си дуней»

(«Адыгэбзэр - си унагъуэм» зэпеуэм къагъэхьа сочиненэхэм щыщ)

Ди лъэпкым ижь-жьжьж лъандэрэ зэрихьэ хабзэ дахэмрэ нэмысымрэ кьыщецжьр адыгэ унагъэрщ. НэхьыжьыфI зэрыс дэтхэну унагъуэ узынщэни и щIэблэр щIенкIэкI яIэ атахум кьыхуагъэна а фIыгъуэшхуэм - лъэпкъ хабзэм.

«НЭХЪЪЫжь зымыгъэлъапІэр щхьэ лъапІэгъуэ ихуэркъым!» - жеIэ адыгэм. А псалъэжь Іущым тепщIыхьмэ, нэхъыжьым пщIэ хуэзымыщIым адыгэхэм зэи щIыхуфэ ирапльу щытакIым, пщIэ зыхуэщIыпхьэ щIыхуми хабжакъым. Гуапэ зэрыхьущи, нобэр кьыздэсми мы хабзэ дахэр кьыздогъэгурыкIуэ.

Ди унагъуэм щыщу, лЭщIыгъуитI-щыкIэ уэзIэбжьыжьмэ, си адэщхуэм и адэр лъэпкъым я нэхъыжьу щытащ. Кьуажэр зэчэнджэщу, щIыху Іущу кьалъытэрт ар. ХабзэкIи бзыпхъэкIи абы кьытекIуэ ди жьыIэ дэмысаеуи жаIэж. Нэхъыжьыфым кьуажэдэсхэм яриту щыта чэнджэщхэм ноби топсэльыхьыж лЫжь-фIыхуэтщIынущ. НобэкIэ фи пащхьэ идолъхьэ «Адыгэ псалъэм» и «Си еджапІэ - си къежьапІэ» пэкIуэщIым и зи чэзу кьыдэжьIыгъуэ а махуэшхуэм иредгъэхьэлІар. Ди газетеджэ лъапІэхэм, «Адыгэ псалъэм» и ныбжьыкIэхэр пэжхэм абы кьыщыбгъуэтынущ анэдэлъхубзэр щIэблэм егъэджьыным зи гъащIэр хуэзыгъэпса нэхъыжьхэм я гукъэкIыжхэр, егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэным ехьэлIа гупсысэхэр, адыгэбзэм ди унагъуэхэм щIэ мыхьэнэм епха тхыгъэхэр.

Зэ закъуэ гупсысэкъым ящыщу мыкIуэдыжьи, абы зиужькIи папщIэ, ди къэралымрэ дуней псомрэ щызекIуэ хабзэхэр ди тегъэщIапІэу щыIэр, дэтхэнэми ди кьалэн дгъэззэщIэным дыкьыхуэрилъхьэу.

Мы махуэхэм ди республикэмкI щокIуэкI Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэм теухуа зэIущIэхэр. Ди щыналъэм щыпсэу дэтхэнэ лъэпкъми и гупсысакъэм уаэзрыпЗэсыфщ. 2000 гъэ лъандэрэ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэр къэрал куэдым щагъэлъапІэ, лъэпкъхэр хьума хьунымкIэ бзэхэм яIэ мыхьэнэщхуэм идкIыри зэ псори игугупсысыжу, ди анэдэлъхубзэр щIэблэм егъэджьыным зи гъащIэр хуэзыгъэпса нэхъыжьхэм я гукъэкIыжхэр, егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэным ехьэлIа гупсысэхэр, адыгэбзэм ди унагъуэхэм щIэ мыхьэнэм епха тхыгъэхэр.

ТАМБИЙ Линэ.

Афганистаным щIыIэуахэм я щIыхькIэ

●Зэпеуэхэр

«Налшык» спорткомплексым щекIуэкIащ КъБР-м СпортымкIэ, туризмымрэ курортымкIэ и министерствэм, Афганистаным щIыIэуахэм я зэгуэхьныгъэм, дзэм хэтхэм Іэшт1ым зэуэкIэмкIэ я республикэ федерацэм зэгъэуэу кьызыраГъэщIа республикэнэ зэнеуэр. Ар трахуэущ Афганистаным щекIуэкIа зауэм хэкIуэдахэм я фешлькьр гъэдэлъIэным.

СПОРТСМЕНИ 120-м щIигъу зыхэта зэхьэхэуэм кьрихьэлIащ ди къэралым хьэхуэу ди псалъэкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м щIыхуэхэм я уполомоченнэ Зумакулов Борис, Афганистаным щIыIэуахэм я зэгуэхьныгъэм и правлением и тхьэмадэ Тхьэгъэлэдж Тимур, дзэм хэтхэм Іэшт1ым зэуэкIэмкIэ я республикэ федерацэм и унафэщI Шэрджэ Заурбэч, Афганистаным щыIэуэ, совет армэм и майор, ветеран Харченкэ Сергей сымэ. Мы нужьрейм «За боевые заслуги» медалыр илъэс 28-рэ ипэкIэ кьызыугъэфIащауэ щытащ. Ауэ идкIыщ Харченкэ Сергей а тыгъэр кьыщIэрыхьэжар. Ар я фIыщIэщ Афганистаным щыIэуэахэм я республикэ зэгуэхьныгъэм хэтхэм.

Зэхьэхэуэр Іыхьэт1у гуэшат. Я1эм зи ныбжькIэ нэхъ балигъэ щыIэпэуащ. Абы щытекIуащ Гернев Елдар, Лъхъкьэщащэ Альберт, Тхьэгъэпсо Албэч, Бетыгъэн Альберт, Шыгъуэ Антемыркъан, Хьэгъэжей Заур сымэ.

НэхъыщIэ цIыкIуэхэм я зэпеуэм кьыщыхэжаныкIащ Чэрим Андулэхь, Шопар Елдар, Ульбашев Руслан, Чэрим Абдул-Сэлам, Бетыгъэн Залим, Кьуэдз Артур сымэ.

Афганистаным щIыIэуахэм я зэгуэхьныгъэм кьыбгъэдэкIыу «За боевые заслуги» медаль иратахэщ республикэм дзэм хэтхэм Іэшт1ым зэуэкIэмкIэ я республикэ федерацэм и унафэщI Шэрджэ Заурбэч, тренер-гъэсакIуэхэу Кьардэн Артур, Бетыгъэн Руслан, Гериев Хьусей, Шэрэ1ыжь Тимур, Щомахуэ Къазбэч, Куэщ Мурат, Шэрджэ Ратмир, Жьлэтэж Ахьмэд сымэ.

КЪУМАХУЭ Асльэн.

●Футбол

Дзыхь кьрагъэз

«Спартак-Налшыкым» щыщ футболистиплI кьэраз зэмыIуэужьыгъуэхэм я командэ кьыхэхахэм мы махуэхэм ираджащ.

БОСНИЕМРЭ Герцеговинэмрэ я командэ кьыхэхам и пащIыхьэхъумэныкъуэ Захирович Аднан мазаем и 28-м зэныбжьэгъуэгъэ зэIущIэ Бразилием и футболист нэхъыщIхэм ядриГъэкIуэкIынущ. КъыкIэлъплъкIэ махуэм Джудович Миодрагрэ Йованович Миланрэ зыхэт Черногориемрэ я гуп кьыхэхар Исландием Іущэнущ. Налшыкдэхэм я етIуанэ зыгъэсэныгъэм хэту фэбжь мащIэ зэригъуэтам щхьэкIэ кьэмынэу, Молдовэм и щIыхьэр нэхъыбэу иредгъаш Чеботару Евгений. Мазаем и 29-м ар апэщIэтынущ Белоруссием и футболистхэм.

МЭЗКУ Къанщобий.

●Бгырыпх бэнэкIэ

ЩIынатъэхэм я чемпионат

Мазаем и 17 - 19-хэм Черкесск къалэм щекIуэкIащ бгырыпх бэнэкIэмкIэ Кавказ Іащхьэрэ, Ищщэ Федеральнэ щIыналъэхэм я чемпионат. Къэрэшей-Щэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Осетие Іащхьэрэ-Аланиеи, Кьаръмыкъым, Ставрополь краим, Волгоград, Астрахань областхэм икIаеу абы ирихьэлIащ спортсмен 142-рэ.

МАХУИЩКIЭ зэхэта чемпионатым дыщэ медалхэр кьыщащхьащ ди республикэм и пэсэнэхэу ГъэкIэ Хьэбас, Ульбашев Марин, Дохъушокьуэ Хьэчим, Чочаев Мусса, КIуэнтIэ Рокъанэ сымэ. ЕтIуанэ хьуахэщ Тхьэгъэзэщ Аззэмэт, Хьэмгъуокъу Артур, Мокаев Мусса. Жэз медалхэр кьаатыысащ Бозиев Елдаррэ Мэлбахьуэ Сослъэнрэ.

ЩIухьэкIэ кьыщыдгъэльэгъуа бэнэкIуэхэм Іэмал кьахуэкIуэкIащ фокIадэм Волгоград щекIуэкIыну урысейпсо чемпионатым хэтыну.

ЖЫЛАСЭ Замир.

КъБР-м и Журналистхэм я союзым и правленэр «Бахъсэн» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Щоджэнэ Іуэ Мухьэмэд** и **нхьум** хуогъаз абы и анэ **Гадискі Елькьан и нхьур** зэрыІам кьыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыщ Марин** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Итэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжьыкэр Алик.**

КьыдэзыгъэкIуэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмрэ Іуэхуэ1ащIэхэм ядэлажьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пасымохэмкIэ - 42-22-88; егъэджакIуэхэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-33-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхуэ1ащIэм - 42-26-41; суэттехьы - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Іуэхуэ1ухэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехьэм ящу жэуап яхь. **Авторхэмр редакцэмрэ я Іуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.**

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпэщIэныгъэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэзащэм и 16-м Печатным и хуитыныгъэр хьэмэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхуэ1ащIэм №И-0065-м щIэту ягъаш.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елъытыгъэу: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ **Дышэкэ Соня, редактор Багъэтыр Луиз, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Дышэкэ Юрэ** *(1, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэЗныкьуэгъу* **Мырзэкъан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепIэр яIыгъ* **Дол Мариэ, Щомахуэ Маринэ,** *суэттехэм елъытыгъэ* **Кьарей Элизэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21.45-рэ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.960● Заказ №503